# Zvivakashure zvezvipauro

Sezvaratidzwa pamusoro chipauro chinotora chivakashure chemupanda wezita rachirikutsanangura. Zvichireva kuti kana zita risina chivakashure chipauro chacho chinenge chisinawo chivakashure.

Sokuti:

(ri-) + -chira

(ri-) +-chena jira jena/chena

(ri-) + -komo

(ri-) + -rikuru gomo guru

Tichishandisa muenzaniso yemupanda 9 ne10

mombe N- + -kuru mombe huru

imbwa I- + -tema imbwa nhema

**Madzitsi ezvipauro**

Madzitsi ezvipauro akawanda uyewo anogona kudzokororwa kubuditsa nyanyiso/kana kuwedzera kwetsanangudzo yacho.

Muenzaniso

mu- + -tema mu- tematema

mu- +-tsvuku mu-tsukutsvuku

**Mhando dzemadzitsi ezvipauro**

1) Zvipauro zveruvara.

-tsvuku

-chena

-tema

-pfumbu

2) Zvipauro zvehunhu wechinhu:

-kuru

-refu

-kobvu

-tete

3) Zvemamiriro echinhu

-tsva

-tsaru

-mbishi

-tsvene

4) Zveuwandu hwezvinhu

-shoma

-zhinji

-zana

-tanhatu

**Mhando dzezvipauro**

Kune mhando mbiri dzezvipauro:
zvipauro chaizvo (true adjectives)
nemamwe manzwi omutauro weChishona anoshandiswa sezvipauro (derived adjectives)

Mienzaniso yeZvipauro Chaizvo
mukuru mu- + -kuru
murefu mu- + -refu
zviviri zvi- + -viri

**Mamwe manzwi anoshandiswa seZvipauro**

a) Anga akapfeka hembe yakachena. (relative)
b) Tambo yacho yakareba. (relative)
c) Imbwa dzacho dzakawanda. (relative)
d) Mukuru wechikoro adzinga mukomana mbavha. (nouns in apposition)

Panemienzaniso mitatu yekutanga tinogona kushandisa zvipauro chaizvo panzvimbo pechiito chiri mudonzo redudziramuiti (relative).
Sokuti:
hembe yakachena
hembe chena
tambo yakareba
tambo refu
imbwa dzakawanda
imbwa zhinji